**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ**
**ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ**
**БУЙРЫҒЫ**

**“Психолог - 2021” таңлаўын шөлкемлестириў ҳәм өткериў ҳаққында**

Халық билимлендириў системасындағы улыўма орта билим бериў мектеплериниң әмелиятшы психологлары арасынан алдыңғы, пидайы ҳәм дөретиўшилерин анықлаў, олардың унамлы қәбилетлерин, кәсиплик шеберлигин әмелге асырыўында көмеклесиў ҳәм қоллап-қуўатлаў, хошаметлеў, анықланған алдыңғы ис-тәжирийбелерди ен жайдырыў ҳәм үгит-нәсиятлаў ҳәм де психологларды нәтийжели жумысқа бағдарлаў мақсетинде

БУЙЫРАМАН:

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Оқыўшыларды кәсип-өнерге бағдарлаў ҳәм психологиялық-педагогикалық Республикалық Диагностика Орайының 2021-жыл 28-апрель күнги ““Психолог - 2021” таңлаўын шөлкемлестириў ҳәм өткериў ҳаққында”ғы 15-санлы буйрығы орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. “Жыл психологы - 2021” таңлаўын шөлкемлестириў ҳәм өткериў Режеси 1-қосымшаға, “Жыл психологы - 2021” таңлаўын өткериў бойынша Көрсетпе ҳәм баҳалаў критериясы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3.Барлық қалалық, районлық халық билимлендириў бөлимлери, Республикалық билимлендириў мәкемелери баслықларына:

- “Жыл психологы - 2021” Республикалық таңлаўының Режеси ҳәм өткериў тәртиби бойынша “Көрсетпе” шәртлери менен улыўма орта билим бериў мектеплери психологларын таныстырыў ҳәм де таңлаўда белсене қатнасыўын тәмийинлеў;

- таңлаўда қатнасатуғын психологларды белгиленген мүддетте таңлаў өткерилетуғын орынға қәўипсизликти тәмийинлеген ҳалда ўақтында жетип келип кетиўин тәмийинлеў;

-жуўмақлаўшы басқышта қатнасатуғын психологлар ушын хызмет сапары қәрежетлерин орнатылған тәртипте ўақтында ажыратылыўын тәмийинлеў;

- таңлаўдың барлық басқышларында белсене қатнасқан психологлардың ис-тәжирийбелерин район (қала) көлеминде ен жайдырыў ўазыйпалары тапсырылсын.

4. Таңлаўдың жуўмақлаўшы басқышы 2021-жылдың июнь айында Ташкент қаласында өткерилетуғынлығы мағлыўмат ушын қабыллансын.

5. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды министрдиң орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүклинсин.

**Министр** **Р.Реимов**

№ 124
«12» май 2021-жыл